

**Pwogram Asistans Manje Ijans (TEFAP)**  
**Fòm Aplikasyon/Deklarasyon Elijiblite Tèt yo**

Dat: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Tanpri enprime klèman.

Vous vivez actuellement dans le RI ? Oui  Non

Kantite moun ki nan kay la: \_\_\_\_\_

Ou elijib otomatikman si oumenm oswa nenpòt moun lakay ou resevwa nenpòt nan bagay sa yo:

- |  |  |   |
|--|--|---|
| <input type="checkbox"/> Asistans pou Swen Timoun    | <input type="checkbox"/> Medicaid                | <input type="checkbox"/> SSI oswa SSDI    |
| <input type="checkbox"/> Asistans enèji (LIHEAP)     | <input type="checkbox"/> RIWorks                 | <input type="checkbox"/> Enfimite tanporè |
| <input type="checkbox"/> Asistans Piblik Jeneral     | <input type="checkbox"/> SNAP (Koupon pou Manje) | <input type="checkbox"/> Chomaj           |
| <input type="checkbox"/> Asistans Lajan Kach Refijye |  |   |

Tablo ki anba a montre yon revni anyèl pou chak fanmi. Si kay ou a nan revni ki nan lis la oswa pi ba a pou kantite moun ki nan kay ou a, ou kalifye pou resevwa machandiz TEFAP. Tablo sa a reprezante 300% Liy Povrete Federal la.

Gwosè Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Revni anyèl	46,950	63,450	79,950	96,450	112,950	129,450	145,950	162,450	178,950	195,450

Tanpri li deklarasyon sa a ak anpil atansyon, epi siyen fòm lan epi ekri dat jodi a:

Mwen sètifye ke revni anyèl brit kay mwen an se nan oswa pi ba a revni ki endike sou fòm sa a pou kay ki gen menm kantite moun ak moun lakay mwen, OSWA mwen menm oswa yon moun lakay mwen kounye a enskri nan pwogram ki make pi wo a. Mwen sètifye tou ke, apati jodi a, kay mwen an ap viv nan zòn nan Pwogram Asistans Manje Ijans Rhode Island desèvi a. Fòm sètifikasyon sa a ap ranpli an koneksyon avèk resevwa asistans Federal la. Ofisyèl pwogram yo ka verifye sa mwen sètifye se vre. Mwen konprann ke lè w fè yon fo sètifikasyon sa ka lakòz yo oblige peye Eta a pou valè manje yo bay mwen an ki pa kòrèk epi yo ka mennen m nan pouwit kriminèl daprä lwa Leta ak Federal.

Si vous êtes déclaré éligible, vous serez considéré comme admissible aux futures distributions TEFAP jusqu'à ce que les directives fédérales annuelles sur le seuil de pauvreté soient modifiées, date à laquelle vous réévaluerez votre éligibilité. Si le revenu ou la composition de votre ménage changent avant cette date, vous vous engagez à en informer le programme.

---

Dat

---

Siyati

Pou tout lòt pwogram asistans nitrisyon FNS yo, ajans leta oswa lokal yo, ak sou-benefisyè yo, yo dwe afiche Deklarasyon kont diskriminasyon sa a:

Dapre lwa sou dwa civil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa civil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele 866)-632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adresse bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa civil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli nan USDA pa:

**(1) pa lapòs:**

U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410; oswa

**(2) faks:** (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa

**(3) imèl:**

[program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.